

## BAB V

### KACINDEKAN, IMPLIKASI, JEUNG RÉKOMÉNDASI

#### 5.1 Kacindekan

Dumasar kana hasil analisis jeung déskripsi data anu geus dipedar dina bab IV, aya tilu perkara nu dipaluruh dina ieu panalungtikan. Tilu hal éta ngawengku jejer bahan (*field*), patalina panyatur jeung pamiarsa (*tenor*) jeung kamalir komunikasi anu dipaké (*mode*) dina transkripsi pilem *Before, Now and Then (Nana)* karya Kamila Andini.

Tina hasil panalungtikan, kapaluruh ayana 61 data omongan anu ngandung kontéks situasi. Sakabéh data nu kapaluruh satuluyna dipasing-pasing dumasar kana tilu perkara di luhur.

Patali jeung jejer bahan (*field*), ieu unsur ngawengku naon waé anu keur diobrolkeun tur peran basana dina aktivitas nu keur lumangsung. Hal ieu dipaluruh ngaliwatan fungsi kalimah jeung topik omongan. Ditilik tina fungsi kalimahna, kapaluruh ayana fungsi kalimah komisif, impositif, éksprésif, jeung asértif. Upama ditilik tina topik omonganana kapaluruh ayana topik omongan salancar, jembar, jeung sambung-luncat. Dumasar data kontéks situasi dina transkripsi pilem *Before, Now and Then (Nana)* karya Kamila Andini lolobana ngandung fungsi éksprésif jeung topik nu digunakeun nyaéta topik salancar. Hal ieu lantaran kontéks nu diomongkeun lolobana ngeunaan sora bituna rasa nu topik omonganana ngaguluyur.

Dumasar kana patalina panyatur jeung pamiarsa (*tenor*), dina *tenor* aya tilu peran, nyaéta kakawasaan (*power*) mangrupa satatana peran nu dilakonan (satata/henteu), duduluran (*contact*) mangrupa frékuensi kontak nu karandapan (inténs/teu inténs), jeung kasadaran (*affective*) mangrupa tingkatan émosi nu ilubiung dina hiji situasi (luhur/handap). Ditilik tina kakawasaan (*power*), kabagi jadi kakawasaan satata jeung kakawasaan teu satata. Tuluy, ditilik tina kontakna kabagi jadi kontak inténs jeung kontak teu inténs. Sedengkeun upama ditilik tina tingkat kasadaran kabagi jadi kasadaran handap jeung kasadaran luhur. Dumasar

data kontéks situasi dina transkripsi pilem *Before, Now and Then (Nana)* karya Kamila Andini ieu lolobana kapanggih dina omongan anu kakawasaanana teu satata, kontakna inténs, jeung tingkat kasadarana handap. Hal ieu lantaran eusi pilemna dina lingkup kulawarga anu kasohor. Ku kituna para panyatur lolobana teu satata tingkat sosialna tapi kontakna raket atawa inténs tur tingkat émosi atawa aféktifna handap.

Pamungkas, aya kamalir komunikasi anu dipaké (*mode*) nyoko kana basa nu keur dipaké dina hiji situasi, kaasup médiana, boh lisan atawa tulisan. Ditilik tina kamalir komunikasi anu dipakéna, kapaluruh ayana dua *mode* nyaéta basa tulis jeung basa lisan. Data kontéks situasi dina transkripsi pilem *Before, Now and Then (Nana)* ieu lolobana ngangunakeun basa lisan nu dikedalkeun sacara langsung minangka média gelarna omongan tibatan ngangunakeun basa tulis.

## 5.2 Implikasi

Hasil panalungtikan ieu dipiharep bisa ngeuyeuban jeung ngajembaran paélmuan kabasaan, hususna dina maluruh kontéks. Ieu panalungtikan ngahasilkeun data ngeunaan kontéks situasi anu diwengku ku jejer bahan, patalina panyatur jeung pamiarsa, jeung kamalir komunikasi anu dipaké tina transkripsi pilem *Before, Now and Then (Nana)* karya Kamila Andini. Lian ti éta, dipiharep ogé bisa dimangpaatkeun pikeun ngamekarkeun pangaweruh, yén analisis kontéks teu ukur bisa dipaluruh tina média tulis tapi ogé bisa tina média audiovisual saperti pilem ieu.

## 5.3 Rékoméndasi

Dumasar hasil analisis jeung kacindekan nu didadarkeun di luhur, aya rékoméndasi nu baris ditepikeun patali jeung ieu panalungtikan. Ieu panalungtikan medar ngeunaan kontéks situasi omongan dina transkripsi pilem. Perluna diayakeun deui panalungtikan satuluyna anu maluruh kontéks tina media séjén saperti pilem ieu sangkan bisa dikomparasikeun jeung panalungtikan-panalungtikan saméméhna nepi ka nimbulkeun timuan anyar. Saéstuna panalungtikan kabasaan bisa dipaluruh teu ukur tina wangun karya tulis wungkul, tapi ogé bisa tina wangun séjén anu ngandung kabasaan.